



Eleksyon jeneral  
**gid sou biltén**  
**vòt postal**  
pou elektè Philadelphia yo



Pou eleksyon jeneral la, ou kapab vote fas-a-fas,  
pa korespondans oswa pa lapòs.

## **Nan Philadelphia, chak elektè ki enskri ka voye ak bilten pa lapòs.**

Moun ki rete Philadelphia yo kapab itilize gid sa a pou  
yo jwenn plis enfòmasyon sou:

- 1. Eleksyon jeneral 2020 an.**
- 2. Fason pou yo aplike pou yon bilten vòt postal.**
- 3. Fason pou yo vote pa lapòs.**

Nou te mete gid sa a ajou 25 septanm 2020. Pou enfòmasyon  
ki pi ajou yo, ale nan philadelphiavotes.com oswa rele Konsèy  
Elektoral Philadelphia a nan (215) 686-3469.

1

# Konsènan eleksyon jeneral 2020 an

## Dat enpòtan yo

Tanpri enskri pou w vote, aplike pou w vote pa lapòs, epi remèt bilten vòt postal ou a **pi bonè ou kapab.**

Byenke pwoesis bilten vòt postal la sekirize, ou pa ta dwe tann dènye delè yo pou aplike pou bilten vòt la epi pou remèt li.

### **19 oktòb 2020**

Se dènye jou pou enskri pou w vote nan eleksyon jeneral la

### **27 oktòb 2020**

Konsèy Elektoral Philadelphia a dwe resevwa aplikasyon ou pou yon bilten vòt pa lapòs avan 5 p.m.

### **3 novanm 2020 - Jounen Eleksyon**

Si w ap voye bilten vòt ou a pa lapòs, ou ta dwe voye li byen bonè kou ou kapab. Dat ki sou so lapòs la sipoze avan Jounen Eleksyon an.

Ou ka depoze bilten vòl ou a nan biwo Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a, nan biwo satelit la, oswa nan bwat depo yo. Nou sipoze resevwa li avan 8:00 pm nan Jounen Eleksyon an.

### **Kèk enfòmasyon ki gen rapò ak eleksyon an kapab chanje.**

Ou ka konfime dat limit yo oswa kote pou w remèt bilten vòt ou asou philadelphiavotes.com oswa relel Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469.

## Sou bilten vòt la: Kandida yo

Ou pral vote pou kalite sa yo kandida yo.

- **President of the United States [Prezidan Etazini an]**, ki se antèt gouvènman an epi Komandan an Chèf fòs lame a.
- **Attorney General of Pennsylvania [Pwokirè Jeneral Pennsylvania]**, ki se premye moun ki responsab pou fè aplike lalwa nan eta a.
- **Pennsylvania Auditor General [Verifikatè Jeneral Pennsylvania]**, ki asire li yo depanse lajan eta selon lalwa.
- **Pennsylvania Treasurer [Trezorye Pennsylvania]**, k ap jere epi envesti lajan eta a.
- **Pennsylvania State Senators [Senatè Eta Pennsylvania yo]**, ki se manm chanm ot an gouvènman eta a nan Harrisburg. 50 senatè eta yo pase lwa yo ak bidjè eta a epi konfime nominasyon gouvènè a.
- **Pennsylvania House of Representatives [Chanm Reprezantan Pennsylvania yo]**, ki se manm manm chanm ba gouvènman eta a nan Harrisburg. 203 reprezantan eta a pase lwa yo ak bidjè eta a.

## Sou bilten vòt la: Kesyon yo

Pral gen kat kesyon sou bilten vòt la. Pou chak kesyon, ou kapab vote “wi” oswa “non”.

Si w vote “wi” pou kesyon nimewo en (1), kesyon nimewo de (2) ak kesyon nimewo twa (3) sou bilten vòt la, sa vle di ou vle chanje Konstitisyon Lokal Vil Philadelphia.

Konstitisyon an fikse règ pou gouvènman Vil la.

Pi ba a gen plizyè rezime kesyon ki sou bilten vòt yo nan lòd yo pral parèt sou bilten vòt ou a.

- 1. Arete epi fouye:** Si w vote “wi”, ou vle pou Depatman Lapolis Philadelphia a sispann pratik arete epi fouye moun lan ki pa nan konstitisyon an. Sa vle di yon polisye pa p kapab arete yon moun poutèt ras li, gwoup etnik li, sèks li, seksyalite li, afilyasyon oswa ekspresyon reliye li, oswa lòt karakteristik ki pwoteje yo. Olyede sa, polisye a dwe gen soupsyon rezonab moun lan patisipe nan aktivite kriminèl.
- 2. Biwo pou Defann Dwa Viktim yo:** Si w vote “wi”, ou vle pou Vil la kreye yon biwo ki pral defann dwa moun ki viktim zak kriminèl yo.

### **3. Komisyon pou Sipèvize Lapolis pou Sitwayen yo:**

Si w vote "wi", ou vle pou Vil la kreye yon Komisyon pou Sipèvize Lapolis pou Sitwayen yo ki pral yon antite pèmanan nan gouvènman Vil la. Komisyon sa a pral travay pou li amelyore konpòtman polisye yo epi rann Depatman Lapolis Philadelphia a responsab pou aksyon polisye yo.

### **4. Zafè prete lajan:** Si w vote "wi", ou vle pou Vil Philadelphia a prete \$134 milyon pou li depanse nan:

- Mize.
- Transpò piblik.
- Lari ak lapwòpte.
- Bilding minisipal yo.
- Pak ak lwazi.
- Developman ekonomik ak kominotè.

## Enfòmasyon pou pran

### kontak biwo eleksyon lokal yo

Ou kapab jwenn enfòmasyon sou zafè eleksyon ak vòt nan Philadelphia sou philadelphiavotes.com. Si w te enskri pou vote nan yon lòt konte Pennsylvania, ou kapab jwenn biwo eleksyon lokal ou a sou votesPA.com.

### Konsèy Elektoral Konte Philadelphia

Si w gen kesyon sou eleksyon jeneral la, kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469. Gen sèvis entèprèt ki disponib.

### Biwo Enskripsyon Elektè Philadelphia

Si w gen kesyon sou zafè enskri pou vote a oswa konfime enskripsyon ou kòm elektè, kontakte Biwo Enskripsyon Elektè Philadelphia a nan (215) 686-1591. Gen sèvis entèprèt ki disponib.

### Manm Komisyón Vil Philadelphia yo

Ou kapab kontakte Manm Komisyón Vil Philadelphia yo tou. Manm komisyón yo se otorite yo eli ki responsab eleksyon ak enskripsyon elektè yo nan Philadelphia. Ale sou philadelphiavotes.com pou jwenn plis enfòmasyon sou Manm Komisyón Vil Philadelphia yo.

**2**

## **Aplike pou yon bilten vòt postal**

Si w se yon elektè ki enskri, ou kapab aplike pou w vote pa lapòs.

1

## Chwazi fason ou ta renmen aplike.

### Sou entènèt

Pou aplike sou entènèt, ale nan votesPA.com/ApplyMailBallot. Aplikasyon sou entènèt la ap disponib nan lang angle ak panyòl.

### Pa lapòs

Gen de (2) fason pou jwenn yon aplikasyon papye.

Ou kapab:

- Ale sou votesPA.com/ApplyMailBallot pou w telechaje epi enprime aplikasyon an. Sou sit sa a, ou kapab mande tou pou fè yo voye yon aplikasyon ba ou pa lapòs.
- Kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469 pou w mande pou fè yo voye yon fòm ba ou pa lapòs. Ou kapab kontakte yon Manm Komisyon Vil la.

Aplikasyon sou papye a ap disponib nan lang Angle, Panyòl, Chinwa ak Vyetnamyen.

**2**

## Ranpli aplikasyon bilten vòt postal ou a epi soumèt li.

Si w bezwen èd pou ranpli aplikasyon w lan, kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469.

Aplikasyon an mande ou pou bay enfòmasyon sou ounenm, ki gen ladan:

- **Enfòmasyon pou pran kontak:** Ou kapab mete yon nimewo telefòn ak imèl nan ribrik "Enfòmasyon sou ou" a. Si w bay yon adrès imèl, ou pral jwenn notifikasyon sou estati aplikasyon w lan ak bilten vòt postal ou a. L ap byen itil nou tou si ou mete enfòmasyon sa yo sizoka otorite ki responsab eleksyon yo bezwen kontakte ou. Yo pa pataje enfòmasyon w yo ak okenn moun deyò biwo eleksyon an.
- **Adrès:** Ou dwe ekri adrès ou egzakteman jan ou te enskri pou vote a. Ou kapab tcheke enskripsyon elektè ou sou pavoterservices.pa.gov oswa rele Depatman Deta Pennsylvania nan 1 (877) 868-3772.
- **Idantifikasiyon:** Yo pral mande ou bay lisans chofè Pennsylvania (PA) w lan oswa nimewo kat idantite ki gen foto PennDOT bay. Oswa, ou kapab bay kat (4) dènye nimewo Sekirite Sosyal ou a.

Pou jwenn enfòmasyon so pyès idantite ki akseptab, rele Depatman Deta Pennsylvania nan 1 (877) 868-3772.

**Step 2 (Continued)**

Si w ap ranpli aplikasyon w lan sou papye, sonje bagay sa yo:

- Ou dwe ranpli aplikasyon papye w lan ak yon plim nwa. Tanpri ekri klèman.
- Ou pral bezwen yon anvlop ak yon tem lapòs pou voye aplikasyon w lan pa lapòs.

**Dat aplikasyon aktyèl la**

Ou ta dwe aplike pi bonè kou ou kapab. Aplikasyon pou bilten vòt pa lapòs yo dwe nan biwo fizik Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a 5 pm. avan madi 27 oktòb 2020. Biwo a chita nan City Hall, Room 130, Philadelphia, PA 19107.

**Si aplikasyon ou rive apre dat limit la, nou p ap akspte dat so lapòs la kòm dat limit aplikasyon an, epi ou pa pral kapab vote pa lapòs.**

Dat limit kounye a ka chanje. Pou konfime enfòmasyon konsènan dat limit la oswa fason pou w soumèt aplikasyon ou an, tanpri kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469.

**3**

### Tcheke estati aplikasyon bilten vòt postal ou a.

Depi w fin soumèt aplikasyon bilten vòt postal ou a, ou kapab tcheke estati li lè w ale sou pavoterservices.pa.gov. Ou kapab rele Depatman Deta Pennsylvania a tou nan 1 (877) 868-3772.

Si w aplike sou entènèt, ou pral anmezi pou gade estati aplikasyon w lan nan espas 48 èdtan apre w fin soumèt li.


Anplis, si w bay yon adrès imèl lè w aplike, ou ta dwe resevwa imèl ki soti nan Sèvis pou Elektè Pennsylvania yo. Mesaj sa yo pral enfòme ou sou estati aplikasyon w lan epi yo pral di w kilè ou ta dwe resevwa bilten vòt ou a nan lapòs.

**3**

## **Fason pou vote pa lapòs**

## 1 Resevwa bilten vòt ou a pa lapòs.

Apre w fin aplike, ou pral resevwa bilten vòt postal ou a nan adrès ou te bay la. Anndan li, ou ta dwe jwenn:



Si w blyie fè yon bagay, rele Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469.

Si ou pa resevwa bilten vòt postal ou a, tcheke estati li nan pavoterservices.pa.gov oswa kontake Konsèy Elektoral Philadelphia a nan (215) 686-3469.

## 2) Li enstriksyon yo mete avèk bilten vòt ou a.

Enstriksyon yo ap endike "Enstriksyon pou vote pa lapòs oswa pa korespondans". Y ap raple w dat limit pou bilten vòt postal ou a epi yo ap eksplike w fason pou w ranpli li.

## 3) Ranpli bilten vòt ou a.


Bilten vòt postal ou a ap gen de (2) bò. Ou ta dwe itilize sèlman plim ble oswa plim nwa pou w ranpli bilten vòt ou a.

Si w fè yon erè sou bilten vòt ou a, pa bife anyen ni ekri okenn nòt. Olyede sa, ale sou ballotform.philadelphiavotes.com oswa rele Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan 215-686-3469 pou mande yon lòt bilten vòt.

Ou ta dwe ranpli bilten vòt ou a an sekrè, sof si yon moun ap ede w ranpli li.



Ranpli oval ki toupre kandida ou vle vote pou li a.



Si w ta renmen ekri non yon kandida ki pa sou bilten vòt la, ranpli oval ki toupre opsyon "Write-in (Ekri non) an". Apresa, ekri non li adwat oval la.

**Step 3 (Continued)**

→

President of the United States
Vote for 1
<input checked="" type="radio"/> _____ <input type="radio"/> _____ <input type="radio"/> _____

Prete atansyon a kantite fwa yo otorize ou vote pou chak kategori. Pa egzanp, imaj sa a di w "Vote pou 1 sèl moun".

Si w vote pou plis moun pase kantite yo mande w vote a, yo pa p konte vòt ou a.

Si w deside pa vote pou yon kandida oswa pou yon kesyon sou bilten vòt la, pa gen pwoblèm. Y ap toujou konte bilten vòt ou a.

→

Questions
#1
<input checked="" type="radio"/> _____ <input type="radio"/> _____ <input type="radio"/> _____
#2
<input type="radio"/> Yes <input checked="" type="radio"/> No <input type="radio"/> Yes <input checked="" type="radio"/> No


←

Ou ka vote sèlman ak "wi" oswa "non."

Pou w vote "wi" pou yon kesyon sou bilten vòt la, ranpli oval "wi" a.

Pou w vote "non" pou yon kesyon sou bilten vòt la, ranpli oval "non" an.


**4) Mete bilten vòt ou a nan ti anvlòp sekrè a.**




**1.** Repliye bilten vòt la jan yo te voye li ba ou a.



**2.** Mete li nan ti anvlòp ki endike "Bilten Vòt Eleksyon Ofisyèl". Pa mete okenn lòt bagay andedan oswa ekri sou anvlòp la.



**3.** Mouye kòl ki sou pli anvlòp la.




**4.** Fèmen anvlòp sekrè a pou w kachte bilten vòt ou a.



**Remak:** Nou **pa** pral konte bilten vòt yo remèt san anvlòp sekrè a.

**5**

## Mete bilten vòt kachte a nan gwo anvlòp “Deklarasyon Elektè” a.



1. Mete bilten vòt kachte a nan gwo anvlòp “Deklarasyon Elektè” a. Pa mete okenn lòt bagay anndan li.



2. Mouye kòl ki sou pli anvlòp la.

3. Fèmen anvlòp postal la pou w kachte li.



4. Ekri adrès ou ak plim ble oswa plim nwa anlè nan kwen goch anvlòp la.

6

## Syen deklarasyon elektè a ki nan do anvlop la.

### Si w ranpli bilten vòt ou a poukont ou:

Syen **agoch** anvlop la nan rektang ki make ak X la epi ki endike "Elektè".

Ekri dat ou te ranpli bilten vòt la, non ou, ak adrès ou sou liy orizontal ki anwo mo yo.

A diagram of a voter declaration form. It features a blue header bar with the text "Voter". Below it is a section for "Signature" with a checked box and a blue "X". Underneath is the date "08-15-2020". There are four lines for "Name", each ending with a blue "X". Below that are two lines for "Address - Street" and "Address - City, zip", each ending with a blue "X". A dashed box is at the bottom right.

### Si yon moun te ranpli bilten vòt ou a pou ou:

Syen **adwat** anvlop la nan rektang ki make ak X la epi ki endike "Elektè".

Moun ki te ede w la ta dwe ekri dat li te ranpli bilten vòt ou a. Li ta dwe mete adrès ak siyati li tou sou liy orizontal ki anwo mo "Dat" ak mo "Temwen".

A diagram of a voter declaration form. It features a blue header bar with the text "Voter". Below it is a section for "Signature" with a checked box and a blue "X". Underneath is the date "08-15-2020". There are four lines for "Witness address - Street", each ending with a blue "X". Below that are two lines for "Witness address - City, zip", each ending with a blue "X". At the bottom is a line for "Witness Signature" with a blue "X". A dashed box is at the bottom right.

**7**

## Remèt bilten vòt postal ou a.

### Pa lapòs

Ou ka retounen bilten vòt ou a pa lapòs. Frè postal la peye alavans. Dènye jou ki dwe sou so lapòs la dwe Jounen Eleksyon an. Si ou gen plan retounenbilten vòt ou a pa lapòs, tanpri fè sa pi vit posib.

### Fas-a-fas

Pifò elektè dwe retounen pwòp bilten yo. Sepandan, si ou gen yon andikap fizik, ou ka chwazi yon moun pou retounen bilten ou pou ou.

### ***Retounen pwòp bilten ou***

Ou kapab depoze bilten vòt ou a youn nan kote sa yo:

- Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a (City Hall, Room 130, Philadelphia, PA 19107).
- Yon biwo eleksyon satelit.
- Yon bwat pou depoze bilten vòt.

**Nou toujou ap travay pou jwenn egzakteman ki kote pou depoze yo.** Si ou gen kesyon sou ki kote pou retounen bilten vòt ou an, ale nab philadelphiavotes.com oswa kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469.

**Step 7 (Continued)**

**Deziyen yon moun pou remèt bilten vòt ou an**

Si ou fizikman kapab retounen pwòp bilten vòt ou a, ou ka chwazi yon lòt moun (oswa "deziyen yon ajan") pou depoze li. Pou fè sa, ou dwe ranpli yon fòm deziyasyon ak sètifikasyon yon ajan.

Ajan ou deziyen an dwe retounen fòm sa a ak bilten sele ou a bay Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a. Si ou gen kesyon sou chwazi yon moun pou retounen bilten vòt ou a, kontakte konsèy la nan (215) 686-3469.

**Dat limit aktyèl la**

Si ou pa ka retounen bilten vòt pa lapòs la avan dat limit la, a vote nan biwo vòt ou a nan jou eleksyon an. Pou fè sa, ou ta dwe pote bilten vòt pa lapòs ou ak anvlop "Deklarasyon Elektè" a nan biwo vòt la pou jij eleksyon yo anile. Si ou pa kapab retounen bilten lapòs ou ak anvlop "Deklarasyon Elektè" a, ou ka toujou vote ak bilten pwovizwa.

Kontakte Konsèy Elektoral Konte Philadelphia a nan (215) 686-3469 pou w konfime.

8

### Tcheke estati bilten vòt postal ou a.

Depi w fin soumèt bilten vòt postal ou a, ou kapab tcheke estati li lè w ale sou pavoterservices.pa.gov. Ou kapab rele Depatman Deta Pennsylvania a tou nan 1 (877) 868-3772.

Si w te bay yon adrès imèl lè w t ap aplike pou bilten vòt postal ou a, ou ta dwe resevwa yon imèl lè yo resevwa bilten postal ou ranpli a.

